



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 15 jiyè 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO AP BAY EKSPLIKASYON SOU MEZI REPRESYON KONT MOUN KAP VOYE TÈKS
PANDAN Y AP KONDI NAN LONG ISLAND PANDAN ETE A**

Plis Ranfòsman Ap gen Ladan Deplwaman Espesyal Veyikil Lapolis ki pa Make pou Jwenn Chofè ki Distrè yo

State Police te bay Apeprè 500 Kontravansyon pou Distraksyon sou Volan pandan Wiken Konje 4 jiyè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay detay sou mezi represyon pandan sezon lete a Lapolis Eta New York pral fè kont chofè ki distrè yo nan Long Island. Efò sa a k ap koute apeprè \$1 milyon dola, ki te kòmanse wikenn fèt 4 jiyè ki sot pase a, pral gen ladan aplikasyon lalwa ak patwouy pi strik, sitou nan operasyon avèk lapolis sekrè kap itilize SUV Lapolis Eta a ki pa make pou jwenn chofè ki distrè yo. Nouvo kanpay sa chita ou de gwo efò Gouvènè a te lanse nan kòmansman ane a pou reprime distraksyon sou volan - ogmantasyon amann pou distraksyon sou volan apati twa rive senk pwen sou yon lisans chofè epi siyati lwa li yo pou ogmante sispansyon lisans ak peryòd anilasyon pou distraksyon sou volan sou jèn ak nouvo chofè.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Voye tèks pandan w ap kondi se yon pratik danjere nou p ap tolere sou wout ak otowout New York. Amelyorasyon aplikasyon lwa nou yo pral asire Eta New York rete yon kote ki pwoteje pou chofè yo pandan sezon lete sa a ak apre. Pa gen eskiz pou yon moun distrè pandan l ap kondi, epi avèk aplikasyon pi strik lalwa k ap fèt avèk veyikil lapolis ki pa make, Nouyòkè yo kapab asire Lapolis Eta ap siveye wout la, menmsi lòt chofè yo p ap fè sa.”

Operasyon sa pote yon gwo ogmantasyon nan operasyon enfiltrasyon lapolis sou wout ak otowout nan tout eta a. Operasyon patwouy enfilte te sitou efikas nan idantifye ak bay kontravansyon nan ka moun kap tèks sou volan, epi patwouy banalize anplis sa yo pral gen yon enpak konsiderab sou aplikasyon pi strik règleman machin ak sikilasyon nan tout eta a. State Police pral itilize machin Polis Sikilasyon ki pa Idantifye (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon kap pèmèt idantifye pi fasilman chofè kap tèks pandan y ap kondi. Machin CITE konsevwa menm sou platfòm pi wo pase sa ki mwayen yo, pou pèmèt ofisye gen plis kapasite pou wè lòt machin epi detekte moun ki ap voye mesaj tèks. Flòt machin CITE State Police la banalize epi vini nan plizyè koulè pou garanti yo pase inapèsi nan sikilasyon sou wout la. Yo ekipe tou ak limyè ijans gwo entansite kache.

Haitian Creole

Operasyon an te kòmanse pandan wikenn fèt 4 jiyè ki sot pase a nan tout eta a. Grasa aplikasyon lalwa pi strik, State Police la te bay 486 kontravansyon pou distraksyon sou volan pandan wikenn sa sèlman.

Kòmandan Teren Sipè-Entandan Adjwen Lapolis Eta, Patricia Groeber, di konsa, “Twoup nou yo deyò sou wout yo chak jou pou wè danje ki genyen lè chofè yo ap voye tèks pandan y ap kondi. Priorite prensipal nou se kenbe chofè yo ak pyeton yo an sekirite sou wout New York yo, epi veyikil sa yo ap yon zouti efikas pou aplike lalwa ak vreman nan idantifye chofè k ap itilize aparèy manyèl yo ilegalman pandan y ap kondi.”

Senatè Carl Marcellino te di konsa, “Imaj yon tinedjè kap pase plizyè èdtan ap pale nan telefòn ap disparèt, se imaj yon tinedjè ki panche sou telefòn ap tèks ki ranplase l. Se yon bagay natirèl kay jèn moun. Y ap fè l toutan epi lè jou a rive yo pran lisans chofè enpòtan sa, yo pa sispann. Statistik yo bay kè sote, yo mòtèl, yo ka evite. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, n ap bay New York kèk nan lwa ki pi sevè yo sou voye mesaj tèks deyò volan ki gen nan peyi a. Mwen remèsye l pou travay li ak tout pati yo pou enpleman lwa istorik sa ki pral sove lavi epi trase yon egzanp pou lòt eta.”

Manm asanble Edward Hennessey te di konsa, “Nou konnen byen konsekans devastatè voye mesaj tèks deyò volan genyen. Se poutèt sa mwen fyè pou m sipòte pwojè lwa sa (A.7739) nan Asanble a. Objektif nouvo lwa se chanje yon konpòtman danjere ki ale twò lwen kay jèn chofè. Mesaj lwa a klè: Si w ap tèks epi kondi anmenm tan, ou pral pran gwo amann. Epi mesaj mwen pou jèn moun senp: Nenpòt tèks ou panse ou bezwen li ouben voye ka tann—lavi pa w ak lavi lòt moun ka depann de sa.”

Chèf egzekitif Konte Nassau Ed Mangano te di konsa, “Mwen kontan pou m mete ak Gouvènè Cuomo pou n ogmante sekirite pou pasaje machin grasa patwouy sible nou mete pou aplike lwa ki pa vle yo tèks deyò volan.”

Komisè Polis Konte Nassau Thomas Vale te di konsa, “Statistik montre tèks sou volan se yon abitud danjere ki fèt twò souvan nan eta nou an. Pou kontre tandans sa, Gouvènè Cuomo ap pran tout mezi nesesè pou garanti tout chofè nou yo pwoteje grasa ogmantasyon amann epi fè aplike lwa sou distraksyon sou volan. Pandan ete sa, Konte Nassau ap fè pwòp aplikasyon lwa pa l pou state police ka reprime tèks deyò volan. Distraksyon sou volan se yon pratik danjere ki fèt pou l regle, epi mwen di bravo Gouvènè Cuomo ak Egzekitif Counte Mangano pou aksyon yo fè pou ede anpeche aksidan oto ki asosye ak telefòn selilè pandan mwa ka p vini yo.”

Nan Eta New York, youn sou senk aksidan se konsekans distraksyon sou volan. Lane pase te genyen plis pase 30.000 kontravansyon ki te bay nan Eta New York pou moun k ap tèks pandan y ap kondi – yon 234% ogmantasyon depi lane 2011. Lè w konpare, te gen mwens pase 44.000 arestasyon DWI/DWAI nan Eta New York nan lane 2012 la, sa ki reprezante yon diminisyon 4% depi lane 2011. Danje yo ki genyen nan voye tèks sou volan anplifye sèlman lè pratik la tounen bagay odinè. Fokis operasyon sa sou polisye enfiltre pral voye yon mesaj fò pou chofè nan tout Eta New York k ap kondi epi itilize yon aparèy nan men yo.

Finansman pral soti nan resous ki la deja yo redirije ak nan kont aktif yo sezi.

Haitian Creole

Prezidan AAA Legislative Committee John Corlett te di konsa, “Gouvènè Cuomo rekonèt ak rezon tèks sou volan se yon epidemi sou wout nou yo atravè Eta New York ak nan tout peyi a. Li se yon chanpyon enkondisyonèl nouvo lwa ak efò represyon pou stope distraksyon chofè. Angajman \$1milyon li a pou amelyore operasyon polisye ak kanpay sansibilizasyon piblik pral ede kenbe move chofè epi gaye nouvèl la sou danje ki genyen nan tèks sou volan. Sa pral voye yon mesaj pou tout chofè depoze telefòn yo epi kenbe je yo sou wout la. Nou felisite Gouvènè a pou angajman li nan pwoblèm enpòtan sa pou mete plis sekirite sou wout ak otowout New York pou chofè nou yo.”

Karen Torres, yon militan lokal nan Texting Awareness Foundation nan Long Island, te chita avèk Gouvènè a nan konferans prè jodi a. Li te pèdi papa li apre yon chofè ki pa te gen je l sou wout la te frape l.

Li te di konsa, “Prevansyon blesi ak lanmò ki pa nesèsè nan kalte pratik danjere sa yo mande anpil metòd. Travay Gouvènè a pou ogmante amann epi aplike lawa strik se yon gwo pwogrè. Nou dwe tou edike timoun nou yo ak tèt pa nou sou danje ki genyen nan tèks sou volan. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò li bay lejislasyon sa ak pou garanti li bay sekirite timoun nou yo sou wout yo pou jou kap vini yo. Kounye a li lè pou tout Nouyòkè jwe wòl pa yo epi trase egzanp pou nouvo jenerasyon chofè yo.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418